



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

SOU PEMAN EGAL-EGO FANM NWA, KONSÈY SOU FANM AK TI FI GOUVÈNÈ CUOMO, ANSANM AVÈK ESSENCE MAGAZINE, AP ÒGANIZE FOWÒM FANM DIRIJAN SOU DIFERANS NAN SALÈ KI AFEKTE FANM NWA

Fowòm Jodi a Prezante Baryè Espesifik Fanm Nwa Konfronte nan Travay yo, e Prezante Solisyon pou Ofri Opòtinite Ekonomik bay Tout Moun

Jiska Prezan Fanm Nwa Fè 64 Santim Sèlman pou Chak Dola yon Gason Blan Touche

Jodi a, alokasyon Jounen Peman Egal-Ego pou Fanm Nwa (Black Women's Equal Pay Day), Konsèy sou Fanm Ak Ti Fi Eta New York (New York State Council on Women and Girls) ak Essence Magazine te met tèt ansanm pou òganize yon fowòm avèk fanm dirijan nwa nan Lig Nasyonal Iben (National Urban League) sou diferans nan salè ki afekte Fanm Nwa, epi li te prezante solisyon pou bay tout fanm plis opòtinite ekonomik nan espas travay la. Fowòm sa a se premye nan yon seri fowòm rejyonal ki pral fèt nan tout eta a pou devlope yon apwòch konplè pou pran an kont pwoblèm sekirite ak opòtinite ekonomik.

“Kit se lè li adopte yon salè minimòm 15 dola nan tout eta a, kit se lè li entèdi mande antesedan salè yon kandida, New York pran devan pou avanse dwa ak egalite ekonomik fanm”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Fowòm jodi a pral jwe yon wòl enpòtan pou avanse kòz nou, e New York rete angaje pou jwenn solisyon ki, yon fwa pou tout, pral mete fen nan diferans ki egziste onivo salè pou fanm afwo-amerikèn nan Eta New York.”

“Anba lidèchip pwogresif Eta New York, nou te fè gwo pwogrè pou amelyore opòtinite ekonomik pou tout fanm yo”, **te deklare Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, ki te prezan pou asiste diskisyon panèl la.** “M ap kontan sèvi avèk diskisyon sa a pou kontinye efò nou fè pou fini ak diferans ki genyen onivo salè epi asire peman egal-ego pou tout fanm nan New York. Evènman jodi a te yon opòtinite enpòtan pou diskite sou enjistis onivo sèks ak ras, ke nou pa ta dwe tolere nan sosyete nou an.”

“New York ak Gouvènè Cuomo te goumen san rete pou asire ke pwogrè pou tout fanm kontinye ap vanse pi devan, fas a yon atak kowòdone pa Washington ak administrasyon Trump lan”, **te deklare Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi.** “Diskisyon serye jodi a ap pèmèt

New York pase a yon lòt etap pou fini ak diferans onivo salè ki afekte fanm afwo-amerikèn yo, epi pote solisyon posib pou kontre obstak sistematik fanm afwo-amerikèn konfronte nan espas travay la.”

Moderatè evènman jodi a, se te Prezidan Essence Communications, Michelle Ebanks, epi li te prezante yon diskisyon sou fòm yon panèl ki te gen divès manm, pami ladan yo fanm dirijan nwa, tankou:

- Jennifer Jones Austin, Direktè Egzekitif Federation of Protestant Welfare Agencies
- Lola Brabham, Komisè Pwovizwa Depatman Sèvis Sivil Eta New York la (NYS Department of Civil Service)
- Dtè. Hazel Dukes, Konferans NAACP NYS
- Janella Hinds, Vis Prezidan pou Lekòl Segondè Akademik (Academic High Schools), UFT ak Sekretè Trezorye, Konsèy sou Travay Rejyon Santral Vil New York (NYC Central Labor Council)
- Blondel Pinnock, Vis Prezidan Anchèf, Chèf Ofisye Prè, Carver Federal Savings Bank
- Farah Tanis, Direktè Egzekitif – Black Women’s Blueprint.

Byen bonè ane sa a, [yon rapò](#) ke Eta New York te fè sou sitiyasyon fanm ak ti fi nan New York te montre gen gwo diferans onivo salè fanm nwa parapò ak pa gason blan. Malgre New York gen diferans ki pi piti pa rapò ak nenpòt eta nan nasyon an, nòm lasyosyete ki egziste depi lontan lakòz fanm afwo-amerikèn touche 64 santim pou chak dola yon gason blan, ki pa panyòl, touche. Rapò sa a konkli ke nou dwe pran yon apwòch a plizyè nivo pou mete fen nan diferans sa a onivo salè; nou dwe leve fanm yo sou “tè glise an” olye pou nou pran yon apwòch konvansyonèl ki sèlman vize plafon an. Gouvènè Cuomo deja mete sou pye plizyè règleman pou pran ka inegalite ekonomik, tankou paregzanp yon salè minimòm 15 dola, epi entèdiksyon pou patwon yo, kit se piblik, kit se prive, mande enfòmasyon sou antesedan salè. Fowòm jodi a, ak lòt fowòm parèy li, pral fèt atravè tout eta epi pral ede nan kad jefò sa yo, ofri yon konsantrasyon rejyonal, epi devlope yon apwòch konplè pou pèmèt plis opòtinite pou fanm nwa nan eta a.

Michelle Ebanks, Prezidan Essence Communications, di konsa, “Nan kad misyon nou pou sèvi fanm nwa yo leplis posib, ESSENCE pran angajman pou pouswiv yon ekonomi ki pi egal ak aksesib pou fanmi ak kominote moun koulè nan Eta New York la e odela. Se te plezi mwen pou rejwenn Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi jodi a pou pataje lide epi pwopoze solisyon ki enspire fanm nwa pou yo konnen epi reklame valè yo”.

Dtè. Hazel Dukes, Prezidan, Konferans NAACP NYS, te di, “Mwen vle remèsye biwo Gouvènè a poutèt li te rasanble divès pwofesyonèl ki gen diferan pèspektiv, men ki pataje menm vizyon pou plis opòtinite egal-ego. Fowòm lan te bay yon opòtinite enkwayab pou fanm afwo-amerikèn yo eksprime opinyon yo epi fè lòt tandè vwa yo. M ap kontan travay avèk Gouvènè a alavni pou met sou pye nouvo politik”.

Gouvènè Cuomo te tabli Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi nan kad selebrasyon 100yèm anivèsè mouvman vòt fanm yo. Konsèy la bay repons kowòdone fas a pwoblèm ki touche lavi fanm ak tifi anpil nan Eta New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)